эгалланиши борасида турли муаллифларда турлича фикрлар мавжуд.

Аҳмад Донишнинг ёзишича Чўпонота жангидан олдин ўзбек аскарлари Самарқанднинг атрофи русларни ўраб олиб мағлуб қилиш учун қулай, руслар бу ерларни яхши билишмайди деб ўйлашган. Руслар Зарафшон дарёсига яқинлашгач, Чўпонота тепалигидаги тўпларнинг икки-учтасидан ўқ отилган, аммо порох ёнмай қолган. Руслар осонлик билан шаҳарни эгаллашган.

Муаллифнинг ёзишича Самарқанд босиб олинмасдан олдин рус саркардалари амирга мактуб ёзиб, амирдан унда қўйилган шартларни қабул қилиб, шахзодаларнинг бирини шу шартлар асосида руслар олдига юборишни сўрашган. Шу билан бирга Жиззах атрофидан чекинишга, ўзаро тинчлик ва ҳурмат ўрнатилишига ваъда беришган. Аммо саркардалар буни ҳатто амирга етказишмаган [9:24].

Мирзо Салимбек эса амир ва рус аскарлари ўртасидаги жангда русларнинг қўли баланд келгач, генерал Черняев Самарқандни қамал қилганини, шунингдек, самарқандлик эронийлар эса русларга мактуб ёзиб, улар томонда эканликларини билдиришган ва шаҳар дарвозаларини очиб уларни киргизишган. Шаҳар ичкарисидаги аскарлар қанчалик қаршилик кўрсатишмасин, бир-биридан айри ҳолда ҳаракат қилгани сабабли мағлубиятга учрашганини ёзган [11:19].

Сомий Зирабулоқ жанги ҳақида ёзар экан, Каттақорғондан бир фарсах узоқликдаги ушбу манзилда ғазовот тарафдорлари, сон-саноқсиз аскарлар, олов отувчи тўплар, шунингдек, тўқсабо Усмон ва Хожи Румийлар ҳам ўз сарбозлари билан ушбу манзилда тўпланишганини ёзган. Сомий Зирабулоқ жангги тафсилотларининг айнан шу қисмида Ғузорда Абдумалик тўра бошчилигида қўзғолон кўтарилгани ҳақида ёзади. Зирабулоқ жанги тавсилотларидан тўхтаб, Абдумалик тўра, унинг атрофида бирлашган амирлар ва аскарларнинг асл мақсадини баён этиб, руслар Каттақўрғон учун жанг олиб бораётган бир пайтда Самарқанднинг Абдумалик тўра тарафдорлари томонидан қамал қилингани, аммо баъзи ёлғон хабарлар сабаб у ҳам чекинишга мажбур бўлганини барча тафсилотлари билан баён қилади. Асарнинг айнан шу қисми Абдумалик тўра ва унинг рус босқинчиларига қарши олиб борган ҳарбий ҳаракатлари, унинг тарафдорлари ва уларнинг асл мақсадлари ҳақида тасаввур ҳосил қилишда муҳим аҳамиятга эга.

Ҳулоса қилиб айтадиган бўлсак, рус-бухоро урушларидаги ҳарбий ҳаракатлар тарихини ўрганишда маҳаллий манбаларни ўрни катта. Айниқса, Аҳмад Дониш, Мирзо Сомий ва Мирзо Салимбекларнинг тарихий асарлари ўша давр замондошларининг ижод намунаси сифатида алоҳида қийматга эга. Уларда баъзи исмлар ёки саналар билан боғлиқ ноаниқликлар бўлсада (жуда кам миқдорда), муаммони ўрганишда ва уни қиёсий таҳлил қилишда бирламчи манба бўлиб хизмат қилади.

**Адабиётлар**


1. Абаза К.К. Завоевание Туркестана. С. Петербургъ.1902. 310-б.
2. Арминий Вамбери. Бухоро ёҳуд Мовароуннахр тарихи. -Тошкент: “Info Cpital Group”, 2019.520-б.
3. Бартольд В.В. История культурной жизни Туркестана. –Ленинград: Издательство академии наук СССР.1927. 256-б.
4. Ибрат. Фарғона тарихи. -Тошкент: “Камалак”, 1991. 250-б.
5. История Бухары с древнейших времен до наших дней. -Ташкент: “Фан”, 1976. 383-б.
6. Макшеевъ А.И. Исторический обзоръ Туркестана и наступательнаго движения въ него русских. -С.-Петербург: Военная типография,1890. 370-б.
7. Мирза Абд ал-Азим Сами. Тарихи салотини манғития (История мангытских государей) / Предисловие, перевод и примечания Л.М.Епифановой. – Москва: «Наука», 1962. 179-б.
8. Мирзо Салимбек. Кашкули салимий. Таворихи муттақаддимин ва муттаахирин. Форс-тожик тилидан таржима, кириш сўзи изоҳ ва кўрсатгичлар-тарих фанлари номзоди, доцент Йўлдошев Нарзуллоники.”Бухоро” нашриёти. 420-б.
9. Трактат Аҳмада Дониша. История мангитской династии. Перевод, предисловие и примечания И.А.Наджафовой. Душанбе: “Дониш”, 1967. 130-б.
10. Халфин Н.А. Присоединение Средней Азии к России. -Москва: “Наука”, 1965. 468-б.
11. e-libra.su. Салимбек Мирза. Тарих-и Салими [Источник по истории Бухарского эмирата] читать онлайн | Электронная библиотека. https://e-libra.su/read/468357-tarih-i-salimi-istochnik-po-istorii-buharskogo-emirata.html. 125-б.


**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада рус-бухоро урушларидаги ҳарбий ҳаракатлар ва уларнинг асосан маҳаллий манбаларда ёритилиши ҳақида сўз юритилади. Шунингдек, мазкур манбаларинг муаммонинг ёритишдаги қиёсий таҳлили амалга оширилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассказывается о боевых действиях в русско-бухарской войне, а так же их освещении в основном в местных источниках. Также был проведен сравнительный анализ этих источников в свете проблемы.

**SUMMARY.** This article examines the military operations in the Russian-Bukhara wars and their coverage in local sources. Also, in the article, a comparative analysis of these sources has been carried out in explaining the problem.

## ҮСТИРТТЕН ТАБЫЛҒАН АЙҚАЛ ЕСТЕЛИГИНЕ БАЙЛАНЫСЛЫ БАЗЫБИР МАҒЛЫЎМАТЛАР

**Е.Е.Қанаатов –** *докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** Айқал, Балбал, Устюрт, Байте, тош ҳайкаллар, кўчманчилар, сак-массагетлар
**Ключевые слова:** Айкал, Балбал, Устюрт, Байте, каменные изваяния, кочевники, сак-массагеты.
**Key words:** Aykal, Balbal, Ustyurt, Bayte, stone sculptures, nomads, Sak-massagets

Үстирт платосы тарийхый естеликлерге оғада бай. Көшпели халықлар мәденияты менен байланыслы болған талай тарийхый естеликлер, әсиресе, платоның Өзбекстан (Қарақалпақстан) аймағындағы бөлиминде көплеп ушырасады.

Бүгинги күни елимизде туризм тараўының жедел пәтлер менен раўажланыўы нәтийжесинде сырт елден туристлер ағымы әдеўир дәрежеде артпақта. Ҳүкиметтиң бул салаға айрықша итибары менен жергиликли туристлик потенциал да раўажланбақта. Әйне тарийхый естеликлердиң атамалары, олар ҳаққындағы мағлыўматлар туристлер ушын қызық. Сан әсирлик жасы ҳәм тарийхы бар естеликлердиң атамаларын, олардың тарийхын билиў ҳәр биримиздиң ўазыйпамыз болмағы лазым. Себеби, қарақалпақ халқының қәдириятларының бири усындай өтмиштен жеткен мийраслар [1:7-132].

Биз жумысымыз барысында қарақалпақ тилинде тарийхый естеликлерге, тийкарынан зыярат орынларына байланыслы қолланылатуғын гейпара терминлерге түсиндирме берип барыўға ҳәрекет етпектемиз. Сондай естеликлердиң бири адам келбетиниң тас мүсини болған «**АЙҚАЛ**»лар.

Бурынғы заманларда адам тулғасына уқсатып жасалған тас мүсинлер «айқал» деп аталған. Ҳәзирги ўақытта бул сөз Бухара қарақалпақлары сөйлесимлеринде ҳәм қубла диалект ўәкиллериниң тилинде қолланылады. Д.Насыров ҳәм О.Доспанов авторлығындағы

«Қарақалпақ диалектологиясы» атлы мийнетте: «айқал» - биреўдиң естелигине арнап қойылған монумент, мүсин», - деп түсиник берилген [2:104]. Ески түрки тилинде «айқал» уғымы орнына «балбал» сөзи қолланылған. Ислам дининиң күшейиўи менен Орта Азия далаларында сақланған адам көринисиндеги бундай естеликлер бузып тасланған.

«Балбал»дың өзи болса ески түркий сөз болып, «бал-бал», яғный, «соққы бериў», «қағыў», «урыў» сыяқлы мәнилерди аңлатады. Балбалдың этномәдений мәниси ески түркий дәўирде, яғный VI-IX әсирлерде айрықша мазмунға ийе болды. Ол пайытларда ески түркийлердиң үрп-әдет, дәстүрлерине көре, балбаллар ҳақан, тегин, тархан, чор, тудун, бий, бек сыяқлы ел басшыларының, батырлардың, ақсүйек адамлардың ҳүрметине арнап исленген. Усы балбаллар арқалы аза тутылған, шейит болған марҳумның руўҳы ҳүрметине ас берилген яки руўҳына бағышлап жоқлаў айтылған. Марҳумның руўҳын шад етиўге, яғный ас мәресимине қатнасқанлар өзлери жасап атырған мәканынан балбал таслар алып келип, дәстүр бойынша марҳумның жерленген жерине белгили аралық сақлап қадап орнатқан. Естелик комплексин жаратыўға қатнасқанлар өзлериниң қәўими, урыў-тайпасы тамғаларын яки ески түркий битик жазыўы менен атларын, лаўазым, атақларын жазған. Бул ески түркий қәўимлердиң өзине тән жоқлаў мәресиминен дәрек береди [3].

Орайлық Азияда ислам дининиң кең тарқалыўы менен таслардан балбал естелик жасаў өз мәнисин жойыта баслады. Себеби, ислам дини ўәкиллери адамлар менен ҳайўанлардың ҳәйкелин жаратыўға, ҳәттеки сүўретлерин сызыўға да рухсат бермеген.

Ал ӨзИА Қарақалпақстан бөлиминиң археология музейинде сақланып турған балбалтаслар тарийхы әййемги дәўирлерге, яғный бизиң эрамызға шекемги V-III әсирлерге тийисли. Бул балбаллар Үстирттиң батыс шыңында Көгисем-4 жерлеў-сыйыныў комплексинен табылған.

Үстирттеги массагетлер дәўирине тийисли бундай әййемги естеликлердиң табылыўы бойынша төмендегише мағлыўматлар бар.

1983-жылы Үстирттиң батыс тәрепинде изертлеў жумысларын алып барған СССР Геология министрлигиниң биринши космоаэрогеологиялық экспедициясының қатнасыўшылары Сай-Өтес поселкасынан шама менен 50 километрлер қашықлықта көп сандағы ер әскерлердиң ҳәйкеллерин тапты. Бул табылмалар экспедиция қатнасыўшыларын ҳайран қалдырды, себеби шағын майданда 70 ке шамалас усындай тас мүсинлер жайласқан еди. Бул Қара теңиз бойларында 100 жылдан көбирек ўақыт ишинде табылған тастан исленген скиф стелалары менен шамалас сан.

Усы ўақыядан бир жыл өтип, СССР Илимлер академиясы Археология институтының Волга-Урал археологиялық экспедициясының баслығы Л.Галкин табылған тас мүсин тулғалар ҳаққында былай деп жазды:

*«Еки бәлент қорғанға (төбеге) жақын жерде, шағын майданда, көплеген тастан исленген ҳәйкел тулғалар сынып жатырған еди. Олардың базыларының үлкенлиги соншелли, бир адамның күши оны орнынан қыймылдатыўға да жетпес еди.*

*Ҳәйкеллер ҳәр қыйлы – биреўлери 4 метр бийикликте болса, басқалары еки метрден сәл бийиклеў, ал ең кишкенелери болса – 1 метр. Бул жерде тастан исленген баслар, ири геўдели, кең жаўырынлы ер адам денелери, толық исленбеген ҳәк тас плиталар жайрап атырған еди. Ҳәйкеллердиң көпшилиги үлкен ҳәм орташа көлемли. Оларды бир ўақытлары жерге ылақтырып сындырғанына қарамастан, ҳәйкеллер белгили бир избе-изликте – «П» ҳәриби формасында турғанлығы анық. Бул галерея күн нурлары түскенинде тәкирарланбас бир көринисти жүзеге келтирген шығар. Олардың жүзлери батыс тәрепке, «Өлилер мәмлекетине» қаратылған еди…» [4].*

Бәйте қудықларының қасындағы бул естеликлердиң комплекси арқа-шығыстан қубла-батысқа қарап шыққан үш топар қорғаннан (төбеден) ибарат. Бәйте-I естеликлер топары төрт метрли «Патша қорғаны» ҳәм еки кишкене қорғаннан ибарат. Ең үлкен қорғанның қасында сақланып қалған фрагментлерге көре, әййемги заманлардың өзинде-ақ 25 ҳәйкел орнатылғанға уқсайды.

Бул жерден онша алыс болмаған жерде – 1 км ге жетпес узақлықта екинши қорған топары – Бәйте-II жайласқан. Бирақ ол жерде бирде-бир скульптура табылмаған. Ал, бул қорғанлар топарына жақын жерде ақ-қызғыш ҳәк тасын ислеп шығарған тас кәни табылған. Усы ҳәк тасынан жоқарыда айтып өтилген барлық мүсинлер исленген.

Бәйте-II комплексинен қубла-шығыста, шама менен 4 км узақлықта, кишилеў төмпешикте және бир қорғанлар топары – Бәйте-III жайласқан. Оның жайласыўы Бәйте-I комплексиндеги бийикликлердиң жайласыўын еслетеди. Ал орайлық қорғанның батысында «П» ҳәриби көринисинде 50 ден зыят сынық ҳәйкеллер тығыз жайласып жатырған еди. Олардың тек ғана бағыты өзгерген – жүзлери арқа-батысқа қараған.

Бул жерлердеги жумыстың басланыўынан баслап экспедиция ағзалары ибадатханалар таптық деп ойлаған, бирақ бул пикирлер тек ғана Бәйте-III те еки дана қурбанлық келтириўши тастан исленген стол табылғанынан кейин тастыйықланды.

Л.Галкин бул бойынша төмендегише жазады:

*«Олар бири-биринен 15 метр ғана узақлықта жайласқан еди. Дерлик туўры мүйешли формалы үлкен стол узынына бир метрден зыятлаў, ал төрт конус түриндеги туяқтағы киши стол болса бир метрден сәл киширек еди. «Хан қорғанынан» қубла-шығысында тастан исленген табақ та табылды (оның диаметри 80 см). Енди барлығы өз орнына түсти. Бундай затлар әдетте ибадатханаларда табылады. Тастан исленген столларда хайўанларды қурбанлыққа келтиреди ҳәм усы жердиң өзинде оларды пуштарлайды…»* [4]

Солай етип, илимпазлардың қолына әдеттегиден өзгеше материал түсип қалды. Жоқарыда көрсетилген қурбанлық келтириў орынларынан тысқары, жүдә көп еске алыў имаратлары табылды, ал бираз сынық бөleклерде болса қылышлардың, оқжайлардың, пышақлардың рельефли сүўретлери анық көринип тур еди.

Үстиртте табылған дерлик барлық антропоморфлық тастан исленген скульптуралар, шеп қолы жыйналып ишине басылып турған, ал оң қолы болса төменге түсирилип санына басылып турған ер адамның тулғасын сәўлелендиреди. Тулғалардың жүзлери жүдә анық: жақлары айрықша бөлинген, биразларының сақалы жоқлығы, олардың монголоидлардан келип шыққан деген пикирге салады, лекин европалыларға да уқсап кететуғын жерлери бар.

Илимпазлар бул әййемги естеликлер, массагетлер қәўимлери жасаған дәўирлерге, яғный б.э.ш. IV-III әсирлерге тийисли екенлигин анықлады.

Демек, Үстирттен табылған бул айқаллар яки балбаллар массагет жаўынгерлериниң тас келбети.

Тарийхтан белгили, бизиң эрамызға шекемги IV-III әсирлердиң ақырында, Түслик Азия далаларында Анатолиядан баслап Ҳинд-Пәкистан субконтинентине шекем Ахеменийлер мәмлекети жайласқан. Оның қурамына Жақын Шығыс ҳәм Орта Азияның көплеген мәмлекетлери кирген (Парфия, Маргиана, Бактрия, Согдиана ҳәм т.б.). Бир қарағанда бул аймақларға көп санлы әскерлердиң ҳәм әсиресе Персияның атлы әскерлериниң кириўине ҳеш ким кесентлик көрсете алмайтындай еди… Лекин, Үстирт тегислигинде илимпазлар

тәрепинен илаҳий орынлары табылған массагетлердиң қолынан бул ис келген. Есиңизге саламыз, Ахеменийлер мәмлекетиниң тийкаршысы Кир патша массагетлердиң жерлерине кириуге умтылған ўақытында өлген.

Бул ҳаққында Геродот былай деген:

«Варварларда болған саўашлардың ишинде, бул саўашты мен ең аяўсыз саўаш деп есаплайман, мен ҳәттеки бул ўақыя қалай болғанлығын да билемен. Ең басында олар бир-биринен алыста турып бир-бирине оқ жайдан оқ атқан, ал кейин оқлары таўсылғаннан соң, олар бир бирине тасланып қолда, найза ҳәм қылышлар менен алысқан дейди. Алысып атырып олар көп ўақыт даўамында өзлерин тик услады, бириншилер де, екиншилер де қашып қутылғысы келмеди, бирақ ең ақырында массагетлер жеңиске еристи. Персия әскерлериниң үлкен бөлеги жоқ етилди, тап усы жерде Кирдиң өзи де қаза тапты» [5].

Бизиң эрамызға шекемги IV әсирдиң 30-жыллары Ахеменийлердиң саўсап қалған мәмлекети Александр Македонскийдиң әскерлериниң күши астында жоқ болады. Македонский да адам жасайтуғын пүткил жәҳәнниң, соның ишинде Шығыстың да ийеси болғысы келди ҳәм грек-македониялылар Орта Азия жерлерине келди, бул жерде және қан төгилип баслады. Және грек-македониялы басқыншылардың бас иймес душпанлары болып жаўынгер массагет қәўимлери шықты.

Массагет ҳәм сармат қәўимлериниң бир бөлеги басқыншыларға бойсынбай арқаға қарап кеткени белгили. Олар Үстирт тегислиги ҳәм Маңғышлақ ярым атаўын душпанлардың пияда әскерлерине ҳәм атлы отрядларына келип болмас, өзиниң әскерий плацдармы ҳәм тыл базасына айландырған болыўы мүмкин.

Үстирттиң ҳәр бир илаҳий орнының орайын үлкен қорған яки бийиклиги 2 метрге жететуғын арнаўлы жыйналған таслар дүмпешиги ийелеген. Тас мүсинлер болса әдетте бирнеше естеликтен топарлар дүзип, бул орайлық қорғаннан қублада ямаса шығысында жайласқан. Ал олардан онша узақ болмаған жерде ҳайўанларды қурбанлық етиў ушын тастан исленген столлар жайласқан.

Тастан исленген табаққа май, қан ҳәм суўды салып қойыўға болатуғын болған. Бул затлар көшпели қәўимлер руўҳанийлары тәрепинен кеңинен пайдаланылған, яғный, кудайлардан душпанлар үстинен жеңиске ерисиўди сораған.

Тастан исленген ҳәйкеллер қандай орын тутқан екен? Әййемги көшпели қәўимлер дәстүрий түрде ата-бабаларының руўҳларына сыйынған. Ал ҳәйкеллер болса әлбетте әскер болған ата-баба руўҳының өлимнен кейинги орны болып есапланған. Скульпторлар олардың өзгешиликлерин ҳәм жасын айрықша атап өтеди. Үстирттиң қубла тәреплеринде грек-македониялылар менен гүрес дәўиринде бундай қудайға теңлестирилген ата-бабалардың жәрдеми көп болған.

Қәўимлеслери ушын қыялый қәўим басшысының ҳәм ўатан қорғаўшысының тири көриниси болған қаҳарман-әскер өз өлиминнен кейин ата-бабаларының қатарына қосылған, соның ушын да оның ҳәйкели жаратылған. Сол замандағы адамлардың пикиринше, егер руўҳанийлар қурбанлық келтирсе, бул таслар өз әўладына жәрдем бере алатуғын ең үлкен ата-бабасы образы менен қосылып кеткен…

Үстиртте табылған айқал таслардың екеўи Қарақалпақстанға алып келинип, бир данасы ҳәзирги күнде ӨзРИА Қарақалпақстан бөлиминиң Археология музейинде сақланбақта. Табылған айқаллар бойынша В.С.Ольховский ҳәм Л.Л.Галкинлердиң мақаласы жарық көрген [6:196-206].

## Әдебиятлар


1. Андрианов Б.В. Этническая территория каракалпаков в северном Хорезме // ТХАЭЭ, т. III, – М.: 1958.
2. Насыров Д., Доспанов О. Қарақалпақ диалектологиясы. – Нөкис: 1995.
3. Марғұлан Ә.Х. Ежелгі мәдениет куәлары. – Алматы: «Жазушы», 1966.
4. https://hidoyat.uz/50603
5. http://https//ru.wikipedia.org/wiki/Массагеты
6. Ольховский В. С., Галкин Л. Л. Культовый комплекс на Устюрте. // Советская археология, 1990. № 4.



**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада Устюрт кенгликларидан топилган антропоморфлик тош ҳайкаллар тўғрисида гап боради. Қадимдан туркий халқларда машҳур бўлган балбалтошлар қорақалпоқ тилида айқал деб ҳам номланади. Ушбу тошлар вафот этган қавм оқсоқоли, ботири ёки бошқа обрўли инсонлар шарафига қад ростлаган. Тадқиқотлардан маълум бўлишича, Устюртда топилган тош ҳайкаллар туркий дунёга оид қадимий балбалтошлардан ҳам қадимироқ бўлиб, милоддан аввалги V-II асрлар ёдгорлиги бўлиб чиқди. Устюртдан топилган ана шундай қадимий айқалдан иккитаси Қорақалпоғистонга олиб келиниб, уларнинг биттаси Ўзбекистон Фанлар академияси Қорақалпоғистон бўлими археология музейида сақланмоқда. Ушбу ҳайкаллар сак-массагетлар удуми билан боғлиқлиги олимлар илмий ишларида қайд этилган.

**РЕЗЮМЕ.** Данная статья посвящена антропоморфным каменным изваяниям, найденным на просторах Устюрта. Балбалы, издавна популярный среди тюркских народов, на каракалпакском языке также называется айкал. Эти камни воздвигались в честь умерших старейшин, богатырей или других известных лиц. Согласно исследованиям, найденные на Устюрте каменные изваяния старше древнего балбала тюркского мира и оказались памятником V-II веков до н.э. Два из этих древних айкалов, найденных на Устюрте, были привезены в Каракалпакстан, а один из них хранится в археологическом музее Каракалпакского отделения Академии наук Узбекистана. В научных работах отмечается, что эти скульптуры связаны с традициями сак-массагетов.

**SUMMARY.** This article is devoted to anthropomorphic stone statues found in the vastness of Ustyurt. Balbals, which has long been popular among the Turkic peoples, is also called aikal in the Karakalpak language. These stones were erected in honor of the deceased elders, heroes or other famous people. According to studies, the stone statues found in Ustyurt are older than the ancient balbal of the Turkic world and turned out to be a monument of the 5th-2nd centuries BC. Two of these ancient aikals found in Ustyurt were brought to Karakalpakstan, and one of them is kept in the archaeological museum of the Karakalpak branch of the Academy of Sciences of Uzbekistan. In scientific works, it is noted that these sculptures are associated with the traditions of the Sak-Massagets.


# QORAQALPOG‘ISTON BURILISh YILIDA (1989)


**B.A.Kochanov –** *tarix fanlari doktori, professor*
**K.A.Yusupov –** *tadqiqotchi*
*Berdoq nomidagi Qoraqalpoq davlat universiteti*



**Tayanch so‘zlar:** O‘zbekiston, Qoraqalpog‘iston, “Paxta ishi”, I.Karimov, S.Niyetullayev, tarix, qatag‘on, iqtisodiyot, ijtimoiy ahvol.

**Ключевые слова:** Узбекистан, Каракалпакстан, «Хлопковое дело», И.Каримов, С.Нийетуллаев, история, репрессия, экономика, социальное положение.

**Key words:** Uzbekistan, Karakalpakstan, "Cotton business", I. Karimov, S. Niyetullaev, history, repressions, economy, social status


Qoraqalpog‘iston xalqi “paxta ishi”, qatag‘on, milliy elita mag‘lubiyatini boshidan kechirgan 1985-1989-yillar tarixini yoritish alohida ahamiyatga ega.

Shu mavzuda Q.Kamalovning “El xızmetinde” (Nukus, 1995), S.Kaniyazovning “Oltin jag‘is” (Nukus, 2006) xotiralari, tarixchilar B.A.Kochanov va T.Ametovlarning “Yangi tarix ocherklari” kitoblari. “Qoraqalpog‘iston Respublikasi” (Nukus, 2015), B.A.Kochanova va